



# Connecticut Birth to Three System Yon Manyèl pou Fanmi

Gid 2: Oryantasyon nan Sipò pou Fanmi Timoun ki Elijib



Manyèl sa a ak lòt manyèl yo disponib sou [www.birth23.org](http://www.birth23.org).

CT Birth to Three System se yon Divizyon nan  
Office of Early Childhood (OEC, Biwo pou  
Timoun Piti) Connecticut.



# Kisa yon Kowòdonatè Sèvis ye epi Kisa Mwen Kapab Atann?

Yon kowòdonatè sèvis se yon moun ki nan ekip Birth to Three ou an ki pral ede w idantifye tout resous ou menm ak fanmi w ka bezwen. Yo responsab pou yo rasanble moun ki diferan, enfòmasyon, ak resous ki disponib pou sipòt ptit ou a ak fanmi w. Kowòdonatè sèvis la se yon moun ki la pou reponn nenpòt kesyon ou genyen. Li la pou li fasilité lavi w nan fè w konprann pi byen sa w pa ka konprann.

Kowòdonatè sèvis ou a gen ekspètiz pou li bay sipò pou entèvansyon bonè (tankou sipò pou terapi fizik oswa sipò pou lapawòl ak langaj); epi li te suiv lòt fòmasyon pou yo sètifye li kòm yon kowòdonatè sèvis nan Birth to Three System Connecticut la. Avèk priyorite li idantifye pou fanmi w nan lespri li, l ap:

- ede kowòdone sèvis, sipò, ak enfòmasyon ki soti nan plizyè sous diferan
- pale ak ou sou mwayen pou w anseye ptit ou a nouvo konpetans nan kad woutin ak aktivite regilye fanmi ou
- ede w jwenn repons pou kesyon ou genyen sou ptit ou a
- ede w jwenn okazyon pou w antre an kontak avèk lòt fanmi yo
- ede w pale avèk lòt espesyalis ki ap okipe ptit ou a ak fanmi w, tankou profesyonèl swen sante yo ak pèsonèl k ap pran swen timoun yo
- ofri enfòmasyon sou resous ki itil nan Eta a ak kominote a
- ede fè tranzisyon pou ale nan lekòl matènèl oswa lòt sipò kominotè ou chwazi



Yon kowòdonatè sèvis se moun nan ekip Birth to Three w la ki pral travay nan tèt kole avèk ou plis. Ou menm ak kowòdonatè sèvis la se kapitèn ekip la, tandiske lòt manm ekip ou a ka gen ladan I lòt founisè sèvis entèvansyon bonè, moun k ap pran swen ptit ou a, ak doktè ptit ou a. Kowòdonatè sèvis ou a ap gide w nan sistèm entèvansyon bonè a epi prepare w pou w kite li depi ou pa bezwen sipò ankò, oswa ptit ou a gen twa (3) lane.

# Kisa yon IFSP ye?

Individual Family Service Plan (IFSP, Plan Sèvis pou Fanmi Endividyèl) se yon akò ant ou menm ak pwogram Birth to Three a ki bay sèvis entèvansyon bonè epi ki sipòt ptit ou a ak fanmi w. Plan w lan se yon dokiman jiridik yo kreye pou ede tout manm nan ekip ou a konprann sa ki pral passe; kiyès ki pral enplike; ak kilè ak ki kote yo ap bay sipò yo, epi pandan konbyen tan. Ou menm ak ekip ou a (omwen de (2) moun ki nan disiplin diferan, youn ladan yo dwe se kowòdonatè sèvis ou a) ap verifye IFSP a omwen chak sis (6) mwa oswa chak lè li nesesè pou asire I li toujou koresponn ak priyorite w yo, epi bezwen ptit ou a ak bezwen fanmi w.

## KISA YON REYINYON IFSP YE?

Ou menm, antanke paran oswa moun k ap bay swen an, ak kowòdonatè sèvis ou a dwe preznan reyinyon IFSP yo. Premye reyinyon IFSP a ap gen ladan I tou yon founisè sèvis ki te ede rasanble ak konplete evalyasyon devlopmantal ak enfòmasyon evalyasyon sou ptit ou a. Ou ka envite lòt moun patisipe nan reyinyon an, tankou fanmi, moun k ap pran swen ptit ou a, ak nenpòt zanmi oswa lòt founisè sèvis ou panse ki ta dwe patisipe. Si yo pa kapab patisipe, ou kapab toujou pataje enfòmasyon yo epi mete yo nan plan an. Yon lòt moun ki enpòtan se pwofesyonèl swen sante primè ptit ou a (PHCP), y ap kontakte pou yo ka bay ide yo.

Plis ou menm ak manm fanmi w yo patisipe nan reyinyon IFSP a, se plis plan w lan ap gen enpòtans. Pataje sa ki enpòtan pou ou ak sa ou panse ptit ou a ap bezwen. Poze nenpòt kesyon ou genyen sou evalyasyon ak bilan ki dekri ptit ou a.



## ENFÒMASYON KI ENPÒTAN SOU PITIT OU A AK FANMI OU

- Kisa pitit ou a renmen? Pa renmen?
- Kisa ki fristre pitit ou a?
- Kisa ou déjà eseye fè pou ede pitit ou a jere fristrasyon an?
- Kisa pitit ou a fè pandan jounen an?
- Èske gen yon chanjman enpòtan ki fèt nan lavi ou oswa lavi pitit ou a ki ka kontribye nan chanjman konpòtman kay pitit ou a?
- Ki bagay nou renmen fè an fanmi? Avèk zanmi?
- Ki moun ak ajans ou twouve ki itil?
- Ki pwen fò fanmi ou lè li ap reponn ak bezwen pitit ou a?
- Ki lòt bagay ou vle ekip ou a konnen sou pitit ou a oswa fanmi ou?

Tout manm ekip yo, ou menm ak fanmi ou ladan I, ap travay ansanm pou elabore IFSP a. Sa pral fèt nan verifye enfòmasyon, fè chwa, ak devlope rezulta IFSP yo. Rezulta yo se chanjman ou menm ak fanmi ou te deside nou vle travay pou nou fè. Pandan chita pale sa yo, ou kapab sijere aktivite ou pral itilize pou atenn rezulta sa yo. Epitou, ou pral deside sou aktivite ak sèvis entèvansyon bonè ki pral kore rezulta ou yo pou pitit ou a ak fanmi ou.



# Sipò ak Sèvis Selon Individuals with Disabilities Education Act (IDEA, Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap), Pati C (Entèvansyon Bonè)

Founisè sèvis primè ou a (ki petèt se kowòdonatè sèvis ou a tou) avèk sipò lòt manm ekip yo kapab ede w avèk sipò ak sèvis sa yo:

- teknoloji pou asistans
- lang pale ki konplete
- fòmasyon pou fanmi, konsèy, ak vizit nan kay
- sante
- swen enfimyè
- nitrisyon
- ègoterapi (OT)
- terapi fizik (PT)
- sipò sikolojik
- kowòdinasyon sèvis
- lang siy
- travay sosyal
- ansèyman espesyalize
- lapawòl ak langaj
- ranbousman pou transpò oswa kantite mileyaj lè sa nesesè pou resevwa lòt sipò yo idantifye nan kad IFSP a
- vizyon ak deplasman



## KONPRANN DWA PARAN YO AK SISTÈM PEMAN AN SELON IDEA, PATI C

Selon lwa Federal, ou dwe endike w konprann dwa ou yo epi bay pèmisyon anvan sèvis yo kòmanse. Lè w mete siyati w sou IFSP a, sa ap endike ou dakò avèk tout IFSP a. Ou kapab bay pèmisyon pou kòmanse youn oswa plizyè sèvis entèvansyon bonè jan sa ekri, pandan w ap refize lòt sèvis yo. Si w pa aksepte yon nouvo IFSP nèt, ou menm ak ekip ou a dwe eseye rezoud pwoblèm nan. Sipò nou dakò sou yo a dwe kòmanse nan dat kòmansman nou prevwa a.

Pati C nan Individuals with Disabilities Education Act (IDEA) egzije pou Eta yo idantifye fason yo finanse sèvis entèvansyon bonè yo a, ki gen ladan I itilizasyon resous Eta a ak resous prive yo, ak fon Federal la (yo dwe konsidere kòm peyè dènye rekou a).

Nan Connecticut, fon Eta ak fon Federal yo peye apeprè 80% nan frè sèvis Birth to Three yo. Se asirans medikal prive fanmi k ap bay fakti a ki ap peye rès 20% an.

Si w ta renmen genyen plis enfòmasyon sou Dwa w antanke Paran ak Sistèm Peman yo, tanpri al gade nan bwochi Parent Rights and Early Intervention Funding kowòdonatè sèvis ou a ba ou, oswa ale sou [birth23.org/families/family-resources/](http://birth23.org/families/family-resources/).



# Ki responsablite mwen genyen nan Birth to Three?

Antanke manm ki pi enpòtan nan ekip Birth to Three ptit ou a, ou responsab pou w patisipe aktivman nan chak vizit. Manm ekip Birth to Three yo ap fè w patisipe nan poze w anpil kesyon ouvè, ankadre w, fè demonstrasyon, ak mande w eseye. Yo ap asire yo ou konprann tout bagay yo ap pataje epi ou santi w alèz pou itilize nouvo konpetans yo avèk ptit ou a ant vizit yo.

Men kèk fason ou kapab patisipe aktivman pandan yon vizit:

- Pwograme vizit ou a nan kad yon aktivite ou vle founisè sèvis ou a ede w avèk li, tankou lè repa, lè benyen, depoze nan gadri, oswa pwomennen nan katye a.
- Pale sou fason bagay yo te pase avèk estrateji ou te eseye yo depi dènye vizit la.
- Pratike pandan vizit la epi poze kesyon si w pa sèten.
- Elabore yon plan ant vizit yo avèk founisè sèvis primè w la, ki idantifye yon aktivite espesifik ou ta renmen sible ak estrateji ki pral sipòte plan w lan.
- Pataje nenpòt enfòmasyon enpòtan ki te genyen depi dènye vizit Birth to Three a ki ka fè enpak sou ptit ou a. Sa ka gen ladan I evalyasyon medikal oswa evalyasyon deyò.



# Kijan pou mwen pwofite vizit mwen an?

## ANVAN VIZIT OU A

- Prepare w. Pwograme vizit ou a nan yon lè ki bon pou ou, yon fason pou w ka patisipe ladan li aktivman. Sè oswa fè ak lòt manm fanmi yo oswa moun k ap bay swen ka patisipe epi yo ap envite yo patisipe nan vizit la si yo prezan.
- Planifye ajanda a. Fè founisè sèvis Birth to Three w la (yo) konnen ki aktivite ou vle li (yo) obseve ak sou sijè ou vle pale a pandan vizit ou a. Note tout kesyon ou ka genyen depi dènye vizit ou a.
- Se pou pare pou di sa ki te pase depi dènye vizit ou a. Reflechi sou yon lis oswa fè yon lis ki gen tout bagay ou panse ki enpòtan pou w pataje, tankou yon vizit kay doktè oswa chanzman ki fèt nan woutin. Reflechi sou sijesyon ki te fonksyone byen ak sila yo ki pa t fonksyone twò byen.

## PANDAN VIZIT OU A

- Poze kesyon. Asire w konprann enfòmasyon yo ap pataje yo. Si w pa konnen rezon ki fè yo ap fè yon bagay, jis mande. Si sa ede w, mande pou yo mete enfòmasyon yo alekri.
- Mande yon lòt demonstrasyon. Mande pou yo remontre ou nenpòt bagay ou pa konprann. Pratike estrateji yo ansanm pandan vizit la. Ansèyman pratik se pi bon mwayen pou aprann.
- Pale sou ide pou pratike estrateji yo ant vizit yo. Moman pratik ant vizit yo enpòtan menm jan ak vizit la. Asire w pale sou mwayen pou w itilize estrateji ak aktivite yo pandan aktivite familyal chak jou yo.

Selebre siksè yo! Menm sa ki piti yo!

## APRE VIZIT OU A

- Eseye fè bagay yo. Pratike nouvo estrateji ou te aprann nan kad aktivite ou te prevwa yo. Kisa ki mache? Kisa ki pa mache?
- Fè yon nòt pou li. Pa blyie kenbe li nan memwa w oswa kenbe yon kaye pou kesyon ki ka vini ant vizit yo.
- Pran plezi w. Pi bon ansèyman ak aprantisaj la fèt lè ou menm ak pitit ou a ap pran plezi nou.



## KILÈ LÈ A AP RIVE POU KITE BIRTH TO THREE?

Li bon pou w panse epi planifye pou demen nan chak etap eksperyans Birth to Three fanmi w lan. Chita pale sou tranzisyon an kòmanse depi nan premye reyinyon IFSP w la epi l ap kontinye pandan tout tan fanmi ou ap pase nan Birth to Three. Ou ka di kowòdonatè sèvis ou a ou vle kite Birth to Three a nenpòt ki lè; oswa kowòdonatè sèvis ou a ka pale sou fason pou l mete fen nan sipò Birth to Three yo si pitit ou a pa bezwen entèvansyon bonè a ankò.

Selon lalwa, pifò sèvis ak sipò Birth to Three yo ap fini lè pitit ou a gen twa (3) lane. Nouvo patnè yo ka antre nan lavi w pandan w ap planifye pou kite Birth to Three. Si pitit ou a kite anvan li gen twa (3) lane oswa pitit ou a p ap resevwa edikasyon espesyal pou timoun piti, kowòdonatè sèvis ou a pral travay avèk ou pou l idantifye lòt aktivite ki disponib nan kominote w la.



## AKTIVITE KOMINOTÈ



- lè pou li istwa nan bibliyotèk
- gwoup jwèt lokal
- Head Start
- pwogram Iwazi
- lekòl matènèl kominotè
- sant swen timoun

Genyen anpil opsyon nan kominote a pou chwazi ou menm ak pitit ou a ka pwofite. Si w vle, kowòdonatè sèvis ou a kapab ede w kolekte enfòmasyon sou fason pou w enskri nan yon pwogram ak posiblite finansman oswa bous ki genyen yo. Ou ap resevwa yon preyavi alekri ki di sèvis Birth to Three yo ap fini epi yo pral òganize yon reyinyon tranzisyon pou elabore plan tranzisyon w lan.

Si pitit ou a bezwen sèvis edikasyon espesyal lè l fin depase laj twa (3) lane, kowòdonatè sèvis ou a ap ede w travay avèk sistèm lekòl piblik lokal ou a pou detèmine si pitit ou a elijib pou l resevwa edikasyon espesyal pou timoun piti ak sèvis ki an rapò yo.

Ou ka kòmanse planife tranzisyon sa a nenpòt ki lè, men li souvan ogmante pandan nèf (9) mwa anvan pitit ou a gen twa (3) lane. Gen kèk timoun ki gendwa kalifye pou Sèvis ak Sipò Entèvansyon Bonè pou timoun ki gen plis pase 3 lane yo (EIS over 3) pandan mwa sezon ete yo si yo reponn ak kèk egzijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis tranzisyon an ak EIS over 3 a, tanpri al gade nan Manyèl 3 a: Gid pou Tranzisyon.

